

World Missionary Press

How to Know God - Javanese

*“Samangsa sira ngupaya marang Ingsun, bakal ketemu
lawan Ingsun, manawa sira nakokake marang
Ingsun kalawan gumolonging atinira.”*

**Masrahake
kanti
temen marang
Gusti**

Kebakana kanti Rohing Allah

Padha madhepa marang pamelehku, lah aku arep ngesokake isining atiku lan nyumurupake tembungku marang kowe. —Wulang Bebasan 1:23

Para Rasul 2:38b

Kula aturi sami mratobat sarta panjenengan piyambak-piyambak sami kabaptisa ing asmanipun Gusti Yesus Kristus, amrih angsala pangapuntening dosa panjenengan, satemah panjenengan sami badhe nampeni peparing Roh Suci.

Efesus 5:18, 20-21

Lan aja nganti kowe mendem anggur, awit anggur iku nuwuhake hawanepsu, nanging kape-

nuhana ing Roh, . . . Tansa caosa sokur marang Gusti Allah Sang Rama kita tumrap samu barang kabeh atas asman Gusti kita Yesus Kristus, la diandhap-asor ing antarane si lan sijine ana ing sajrone wec asih marang Sang Kristus.

I Korinta 3:16; 6:20

Apa kowe padha ora sumurup yen kowe iku padha dadi pada lemaning Allah, kang sart Rohe Gusti Allah iya dedaler ana ing kowe? Sabab kowe wu padha tinuku lan wus kabaya lunas: Mulane padha ngluhurn Gusti Allah srana badanmu!

Mung ana Allah sawiji kang sejati

Pangeran Yehuwah iku Gusti Allah kita, Pangeran Yehuwah iku siji. Kang iku kowe tresnaa marang Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, kalawan gumolonging atimu lan gumolonging nyawamu sarta ing sakekuwatanmu. —Pangandharing Toret 6:4b,5

I Para Raja 8:60

Supaya sakehing bangsa ing bumi padha sumurup, manawa Sang Yehuwah iku Gusti Allah, lan ora ana liyane.

Yesaya 43:10, 11

Sira iki padha dadi seksining-Sun, mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah, . . . supaya sira padha sumurup lan kumandel

marang Ingsun lan manger manawa Ingsun iki tetep Pa jenengane. Sadurunge Ingsun o ana Allah kang jumeneng, sar sawuse Ingsun bakal ora a liyane maneh. Ingsun, iya Ingsu iki Yehuwah lan ora ana Jur slamet kejaba Ingsun.

Yesaya 45:18, 22

Sabab mangkene pangandika Sang Yehuwah, kang nitaha langit, . . . —: Iya Ingsun iki Yehuwah lan ora ana liyane. Padl sowana marang ing ngarsanin Sun supaya sira padha kaparin an slamet, he poncot-poncotin bumi! Sabab iya Ingsun iki Allah lan ora ana liyane.

Jabur 103:8, 11

Pangeran Yehuwah iku ambek welasan lan ambek asih, gedhe sabare lan luber sih-susetyane; nanging sapira dhuwure langit ngungkuli bumi, iya samono gedhene sih-kadarmane tumrap para kang ngabekti marang Panjenengane.

Mikha 7:18

Allah ingkang pundi ingkang nyameni Paduka, ingkang ngapunten dosa, . . . nanging ingkang rena dhateng sihpalimirma?

Jabur 103:17a, 18b

Nanging sih-susetyaning Pangeran Yehuwah, iku wiwit ing kalanggengan nganti tekan ing ka-

langgengan, tumrap para wong kang ngabekti marang Panjenengane, . . . lan kang eling mara dhawuhe, nedya diestokake.

Kidung Pangadhuh 3:22

Sih-kamirahane Pangeran Yehuwah iku tanpa pedhot, lan si kawelasane ora ana enteke.

Kidung Pangadhuh 3:32

Amarga sanadyan Panjenengane maringi kaprihatinan, i nuli paring palimirma, cundh karo sih-kadarmane.

Padha ngunjukna pamuji sok marang Pangeran Yehuwah, av Panjenengane iku sae! Sih-susetyane iku nyata langgeng i salawase. —I Babad 16:

Gusti maringi katresnan marang kowe

Yeremia 31:3

Sang Yehuwah ngatingali aku saka ing kadohan, pangandikane: Ingsun ngasihi sira klawan katresnan kang langgeng, mulane Ingsun nglestarekake sihsusetyaningSun marang sira.

Awit Ingsun iki nguningani rancanganingSun tumrap sira, yaiku: rancangan tentrem rahayu lan dudu rancangan bilai, yaiku supaya sira kebak pangarep-arep kang becik tumrap ing besuke, — mangkono pangandikane Sang Yehuwah —. —Yeremia 29:11

Kayadene bapa anggone duwe piwelas marang anak-anake, iya kaya mangkono Yehuwah ang-

gone paring piwelas marang pa wong kang ngabekti marang Pa jenengane. —Jabur 103:

Kita iki wus padha nyumuru lan pracaya marang sihe Gusti Allah marang kita. Anggon kita padha tresna iku, amarga Gusti Allah wus ngasihi marang kita luwih dhisik. —I Yokanan 4:16a,

Zefanya 3:17

Pangeran Yehuwah Allah ana ing tengahmu, bakal junjeng dadi Pahlawan kang pari-kaunggulan; banget karenan iku galih marga saka kowe. Panjer ngane nganyarake kowe ana ing he, kanthi sumyak anggone sul-rena ing ngatase kowe.

Kang wigati dewe ing ngaurip, yaiku mangerteni Gusti

Nanging umat kang wanuh marang Allaha bakal tetep kuwat lan lestari lakune. —Dhaniel 11:32b

Yeremia 9:24

Nanging sing sapa arep ngegunake, ngegunna kang mangkene: manawa dheweke ngreti lan wanuh marang Ingsun, manawa Ingsun iki Sang Yehuwah, kang nedahake kadarman, kaadilan lan kabeneran ana ing bumi; sanyata, iku kang ndadekake keparenging galihingSun, mangkono pangandikane Sang Yehuwah.

Jabur 119:2

Rahayu wong kang padha

netepi ing dhawuh pepengete sa ta ngupaya Panjenengane kang wan gumolonging ati.

Pangandharing Toret 30:19b, 20

Urip lan pati wus dakgelar ana ing ngarepmu, apadene berke lan laknat. Kang iku kowe mili urip, . . . kalawan nresnani marang Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, . . . marang pangandikane sa ta rumaket marang Panjenengane; marga yaiku . . . uripmu.

Jabur 42:1

Kanggo lurah pasindhèn. I dung piwulang anggitane ba Korakh.

Urip tanpa Allah iku cilaka

II Babad 15:2b

Pangeran Yehuwah badhe nganthi dhumateng paduka sadaya uger paduka sami ndherek ing Panjenenganipun. Manawi paduka sami ngupadosi Panjenenganipun, Panjenenganipun rena, . . . Nanging manawi paduka sami nyingkur . . . badhe tinilar ing Panjenenganipun.

II Petrus 2:9

Dadi tetela, manawa Pangeran mirsa carane ngentasake wong mursid saka ing godha rencana sarta nyadhangake para wong duraka marang ing dina pangadilan bakal kasiksa.

Wulang Bebasan 16:25

Ana dalan kang dikira ben dening wong, mangka pungk sane anjog marang pati.

I Samuel 12:15

Nanging manawa kowe o ngrungokake pangandikane Sa Yehuwah, Sang Yehuwah bak nglawan kowe lan ratumu.

Yokanan 15:6

Sing sapa ora tetep dumun ana ing Aku, iku dibuwang me kaya pang mau, temah dadi g ring, tumuli padha dikukupi l banjur dicemplungake ing ge sarta diobong.

6 Kanggo mangerteni Gusti, kita kudu ngupaya

Yeremia 29:13

Samangsa sira ngupaya marang Ingsun, bakal ketemu lawan Ingsun; manawa sira nakokake marang Ingsun kalawan gumolonging atinira.

Wulang Bebasan 2:4b, 5

Manawa . . . pangoyakmu kaya mburu rajabrana kapendhem, kowe tumuli bakal . . . oleh kawruh bab Gusti Allah.

Padha nyenyuwuna, temah bakal kaparingan. Padha golek-goleka, temah bakal oleh. Padha thothok-thothoka, temah bakal kawenganan. —Mateus 7:7

Ibrani 11:6

Nanging manawa tanpa praca-

ya mokal yen ndadekake kejirenging Allah. Jalaran sing sawon marang ngarsane Gusti Allah iku kudu pracaya manawa Gusti Allah iku ana, sarta nringi ganjaran marang wong kapadha temen-temen ngupaya marang Panjenengane.

Ingsun ngasihi marang wong kang tresna marang Ingsun lan wong kang tlaten anggona ngupaya Ingsun, mesthi bakal ketemu. —Wulang Babasan 8:

Kidung Pangadhuh 3:25

Pangeran iku sae tumrap wong kang padha nganti-anti, tumranyawa kang ngupaya Panjenengane.

Gusti ngersakake kita sowan ing ngarsane

II Babad 30:9b

Amarga Pangeran Yehuwah, Gusti Allahmu, iku asipat asih lan welasan: Panjenengane ora bakal ngengokake wedanane saka kowe, manawa kowe padha bali marang Panjenengane.

Jabur 86:5

Amargi Paduka punika sae, dhuh Pangeran, saha remen ngapunten, punapa malih sih-susetya Paduka punika luber tumrap tiyang ingkang sesambat dhumateng Paduka.

Yakobus 4:8a

Padha nyedhaka marang Gusti Allah; Gusti Allah bakal nyelaki kowe.

Pangeran Yehuwah celak ka saben wong kang nyebut marani asmane, lan karo wong kang sesambat marang Panjenengane kalawan setya. —Jabur 145:

Yesaya 1:18a

Ayo, kita padha prakara — mangkono pangandikane Sa Yehuwah — Sanadyan dosani abang kaya gluga, bakal dadi putih kaya salju.

Mateus 11:28

He, para wong kang kesayaha lan kamomotan, padha mrene! Aku bakal gawe ayemmu.

Yokanan 6:37b

Sarta sapa kang marani Aku ora bakal Daktampik.

Pangentasan 15:11a

Dhuh Yehuwah, . . . sinten ingkang nyameni Paduka; mulya margi saking kasucen Paduka?

Boten wonten ingkang sucini-pun nyameni Paduka, margi boten wonten sanesipun kejawi Paduka.
—I Samuel 2:2a

Ayub 34:10b

Nglengkara yen Gusti Allah nindakake piala, utawa yen Kang Mahakwasa tumindak culika.

Markus 10:18b

Ora ana kang utama, kajaba mung siji: Yaiku Gusti Allah.

Yesaya 57:15a

Awit mangkene pangandikane Kang Mahaluhur lan Kang Ma-

hamulya, kang lenggah ing dha-par ing salawase lan kang asri Kang Mahasuci: Ingsun lenggah ing papan kang dhuwur lan suci

Yesaya 6:3b

Suci, suci, suci Yehuwah Gusti ning sarwa tumitah, saindengi bumi kebak ing kamulyane!

Jabur 145:17

Pangeran Yehuwah iku adil ing satindak-tanduke, sarta kebisih-kadarman ing sapandamele.

Dhuh Pangeran, sinten ingkang boten ajrih, saha boten nggihuraken Asma Paduka? Aw namung Paduka piyambak ingkang suci.
—Wahyu 15:

Umating Allah kudu urip suci

Yakobus 2:19, 20

Kowe pracaya, manawa mung ana Gusti Allah siji? Iku becik. Nanging setan uga pracaya ing bab iku, banjur padha gumeter. He, wong bodho, apa kowe saiki gelem ngakoni, manawa pracaya tanpa panggawe iku pracaya kang kothong.

Wulang Bebesan 15:9

Dalane wong duraka iku jember ana ing ngarsane Sang Yehuwah, nanging wong kang ngupaya kabeneran iku dikasihi.

I Yokanan 3:10

Iki titikane para putraning Allah lan para anake Iblis; sok wonga kang ora nindakake ka-

yekten iku asale ora saka i Allah, mangkono uga kang o tresna marang sadulure.

Ibrani 12:14

Padha ngudia rukun karo sal behing wong, sarta ngarah marang kasucen; jalaran tan kasucen siji bae ora ana ka bakal ndeleng Gusti Allah.

I Petrus 1:15

Nanging kowe padha dadia su ing satindak ing uripmu kab kayadene Panjenengane kang suci, kang wis nimbali kowe.

Amos 5:14a

Padha ngupayaa kang becik kang ala, supaya kowe urip.

Mikha 6:8b

Lan apa kang dadi pepundhutane Pangeran Yehuwah marang kowe: kajaba mung tumindak adil, lan tresna marang laku setya, apamaneh andhap-asor ana ing ngarsane Allahmu!

Markus 10:19

Kowe mesthine wis sumurup pepakon: Sira aja memateni, aja laku jina, aja nyenyolong, aja ngucapake paseksi goroh, aja gawe pituna marang wong; sira ngajenana bapa-biyungira!

Lukas 10:27b

Kowe tresnaa marang Pangeran, Allahmu, kalawan gumolonging nyawamu sarta kala-

wan sakabehing kakuwatanr apadene kalawan gumolongi budimu. Lan marang sapepadl mu dikaya marang awakn dhewe.

Yusak 1:8

Sira aja lali ngrembug kit Toret iki, sira gilut-giluta ri wengi, supaya tumindakira nga ati condhong karo kang tinu ing kitab iku, amarga kant patrap mangkono lakunira mest bakal lestari sarta sira bakal ol kabegjan.

Markus 11:22b

Padha kumandela mara Allah!

Kang ora dadi renaning Gusti

Wulang Bebasan 6:16-19

Nem prakara iki kang disengiti dening Pangeran Yehuwah, malah pitung prakara kang dadi jember tumrap galihe; iya iku mripat gumunggung, ilat cidra, tangan kang ngwutahake getihe wong kang ora salah; ati kang ngrantam-rantam piala, sikil kang enggal-enggal marani piala, seksi palsu, kang ngucapake ujar pagorohan, sarta kang njalari ebrahe sadulur.

Yesaya 61:8a

Sabab Ingsun, Yehuwah, remen marang kaadilan lan sengit marang tindak ngrayah.

Wahyu 21:8

Nanging para wong kang jir lan wong kang ora pracaya, kaambek nistha, kang mateni wong kang laku jina, kang olpanenungan, kang nyembah bhalala, lan sakehe wong kang pa cidra, iku pandumane ana i sagara geni lan walirang kamurub; yaiku pati kang kapindli

Maleakhi 2:15b, 16a

Mulane jaganen awakmu, pisan-pisan nyidrani mara somahmu jaka-lara! Awit Ings sengit marang pegatan, — mar kono pangandikane Pangeran Yehuwah.

12 Manungsa gagal, jalaran ora netepi kersane Gust

Yokanan 5:42

Nanging tumrap kowe, Aku wus weruh, manawa padha ora kadunungan katresnan sajroning atimu marang Gusti Allah.

Yakobus 2:10, 4:17

Jalaran sing sapa netepi sakehing angger-angger iku, mangka nglirwakake saprakara, dhe-weke iku kaluputan marang saka-behe. Dadi sing sapa mangreti ing bab panggawe becik, mangka ora nglakoni, iku dadi lan dosane.

Rum 3:10

Iya kaya kang wus katulisan, wiraose: Ora ana wong kang bener, siji bae ora ana.

Rum 3:23

Marga kabeh wong wis padgawe dosa sarta koncatan i kamulyaning Allah.

I Yokanan 3:10b

Sok wonga kang ora nindaka kayekten iku asale ora saka i Allah, mangkono uga kang o tresna marang sadulure.

Yesaya 53:6a

Kita padha nglambrang ka wedhus, dhewe-dhewe kang ki ener.

I Samuel 6:20b

Sapa ta kang betah adu ar karo . . . , Gusti Allah kang su iku?

Solah tingkah kita ora dadi renane Gusti

Rum 10:2, 3

Amarga aku nek seni, yen pancen padha taberi banget anggone ngabekti marang Gusti Allah, nanging tanpa pangreten kang bener. Sabab, padha ora wanuh marang kabeneraning Allah sarta ngarah ngadegake kabenerane dhewe, mulane padha ora sumuyud marang kabeneran kang saka Gusti Allah.

Yesaya 64:6a

Margi saking makaten kawula sadaya punika kadosdene tiyang ingkang najis saha sakathahing kamursidan kawula punika kadosdene lawon ingkang reged.

Yehekiel 33:13

Manawa Ingsun ngandil marang wong mursid: sira mesthi urip!—mangka wong iku ngendake kamursidane, lan banjur ngkononi piala, kabeh panggawe becik ora bakal kaetung, lan wong mau mesthi mati marga saka pialane kang katindakake iki.

Rum 8:8

Wong kang uripe kawengku ing daging iku ora bisa ndadekake keparenge Gusti Allah.

Rum 3:20b

Awit malah iya marga sa angger-anggering Toret iku wong padha nyumurupi dosa.

Rum 5:12

Mulane padha kaya tekane dosa ing jagad jalaran saka wong siji, sarta tekane pati marga saka dosa mau, mangkono si pati iya wus nyrambahi marang wong kabeh, jalaran wong kabeh mau wus padha gawe dosa.

Yeheskiel 18:20a

Wong kang nglakoni dosa, iku kang kudu mati.

Nanging kang dadi sesinggetan ing antarane kowe lan Gusti Allahmu iku sakehing pialamu, tuwin kang njalari Panjenengane asingidan ana ing ngarepmu, satemah banjur ora mireng, iku sakehing dosamu. —Yesaya 59:2

II Babad 24:20b

Mangkene pangandikane Gusti Allah: Yagene sira padha nerak... pepakening Yehuwa nganti sira padha ora kadunungan kabegjan? Sarehne si padha ninggal... Yehuwa... Panjenengane iya nilar sira.

I Samuel 15:23a

Amargi pambalila punika sakalian dosanipun patenung lan pandlarung punika sami kanyan nyembah brahala lan terafi. Sarehne panjenengan dalem sapun nampik dhateng pangan kanipun Sang Yehuwah, mung Sang Yehuwah inggih nampik panjenengan dalem....

Dedukane Gusti jalaran dosa

Jabur 7:11

Gusti Allah iku tetamengku, kang mitulungi wong kang burus ing ati.

Kolose 3:6

Kabeh iku nekakake bebendune Gusti Allah (marang para wong duraka).

Rum 1:18

Sabab bebendune Gusti Allah kalairake saka ing swarga marang sarupaning pamblasar lan durakaning manungsa kang nampik kayekten marga dening duraka.

Rum 1:29-32

Kebak ing sarupane duraka, kadursilan, kethaha sarta piala,

padha kebak drengki, gawe pa-tukar padu, culika sarta pikir-ala. Padha dhemen wadul, mi-nah, sengit marang Gusti Allah kurang ajar, kumlungkun umuk, sugih pangreka ala, o-mbangunturut marang wong tuwa, tanpa budi, ora setya ambek kamitegan, ora welasasabab sanadyan ngreti mara-pamundhute angger-angge Gusti Allah, yaiku yen sadheng wong kang padha nglakoni ka-mangkono mau pantes kapa-tan ing paukuman pati, nangi ora ngamungake nglakoni dhe-bae, nanging iya ngrujuki mara-kang padha nglakoni mangkon

Ibrani 9:27b

Manungsa katetepake mati mung sapisan bae, lan sawise iku diadili.

Aku tumuli weruh wong mati, gedhe cilik, padha ana ing ngarep dhampar, banjur ana kitab-kitab kang padha kabukak. Lan ana kitab liyane maneh kang kabukak, yaiku kitabing kauripan. Wong-wong mati mau tumuli padha diadili miturut pang-gawene adhedhasar apa kang katulis ing kitab-kitab mau. Dene saben wong kang jenenge ora katulis ana ing kitab kauripan iku, iku kacemplungake ing sagara geni. —Wahyu 20:12, 15

Ibrani 10:31

Nggegirisi banget, manawa miba ing astane Gusti Allah kang asipat gesang.

Mateus 12:36

Nanging Aku pitutur mara kowe: Saben tembung kang tan guna, kang diucapake deni wong, iku besuk ing dina pengadilan mesthi kudu kapratelaka tanggung jawabe.

Kobelet 12:14

Amarga Gusti Allah bakal marahake sabarang panggaw marang pengadilan, kang ngad samubarang kang samar, kang becik lan kang ala.

Kita ora bisa sumingkir saka Gusti

Tingale Pangeran Yehuwah iku nyrambahi ing saenggon-enggon, nguningani wong ala lan wong becik. —Wulang Bebasan 15:3

Dhuh Yehuwah, Paduka ingkang njajagi lan nguningani kawula. Kawula linggiha utawi ngadega Paduka uninga, Paduka mirsa osiking manah kawula saking katebihan. Paduka nguningani manawi kawula lumampah utawi ngaso, saha salampah-lampah kawula Paduka uningani. Sabab saderengipun ilat kawula ngedalaken tetembungan, sayektosipun Paduka sampun nguningani punika sadaya, dhuh Pangeran Yehuwah. —Jabur 139:1-4

I Samuel 16:7b

Pamirsane Gusti Allah iku be karo pamawange manungsa; n nungsa mung nyawang mara kang kasat-mripat; nanging Sa Yehuwah mirsani isining atine.

Yeremia 16:17

Amarga Ingsun wus ngu ngani polah-tingkabe kabeh; i kabeh Ingsun ora kesamaran l dosane ora kaling-kalingan a ing paningalingSun.

Sarta ora ana titah kang siji mar ana ing ngarsane, jalaran : mubarang kabeh katon ngebl lan bukakan ana ing ngarsane j ningale kang mundhut panjaw marang kita. —Ibrani 4:

Yeheskiel 18:23

Apa Ingsun rena marga saka matine wong duraka? — mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah. — Apa ora marga saka pamratobate supaya urip?

Ora, kandhaKu marang kowe. Nanging manawa kowe ora padha mratobat, kowe bakal padha tiwas kabeh kanthi patrap mangkono. —Lukas 13:3

Sing sapa ndhelikake panerake ora bakal begja, nanging kang ngakoni lan ngunduri iku oleh sihimirma. —Wulang Bebasan 28:13

Pangandikane Pangeran Yehuwah mangkene: Nanging soiki uga, padha mratobata marang

Ingsun kalawan gumolongi atinira. —Yoel 2:1

Hosea 14:3a

Padha ngaturna kaduwungmu sarta mratobata marang Sa Yehuwah, munjuka marang Pa jenengane: Paduka mugi karsa ngapunten sakathahipun kalepatan, ingkang sae mugi lajeng lparingna.

Ayub 33:27, 28

Wong mau nuli bakal nyarita marang wong-wong liyane adhi pur kidung mangkene: Aku wong nglakoni dosa, . . . Gusti Allah wus mitulungi nyawaku tembe ora tumiba ing kubur, laha urip bakal weruh pepadhang.

Mertobat iku mikolehi pangampunan

Yesaya 55:7

Wong duraka kareben ninggal dalane, lan wong ala cikben ninggal pangrantame; kareben mratobat marang Sang Yehuwah, mesthi bakal kaparingan sih-palimirma, sarta marang Gusti Allah kita, sabab Panjenengane bakal ngluberake pangaksamane.

Jabur 34:18

Manawa para wong mursid sesambat marang Pangeran Yehuwah, banjur dipiyarsakake, sarta padha diluwari saka ing sakehing rerubede.

Jabur 32:5

Dosa kawula, kawula lairaken dhumateng Paduka, kalepatan

kawula boten kawula aling-alin, tembung kawula: Dakngakoni p nerakku ana ing ngarsane Sang Yehuwah, Paduka nunten ng punten kalepatan kawula mar saking dosa kawula.

I Yokanan 1:9

Manawa kita padha ngakoni dosa kita, Panjenengane iku setu tuhu lan adil, temah bakal ngapura sakehing dosa kita, sar ngresiki sakehing piala kita.

Para Rasul 3:19b

Mratobata, supados dosa pa jenengan kaapuntan.

Mertobat ateges ninggalake do lan ngakoni dosa ing ngarsa Gusti.

20 Kurban diperlokake kanggo bedamen karo Gusti

(Dosa nyebabake pisah.)

Kaimaman 17:11

Marga nyawane angger daging iku ana ing getihe, sarta anggoningSun maringake getih marang sira ana ing misbyah iku supaya dadia sarananing pirukun tumrap nyawanira, awitdene getih iku ngolehake pirukun sarana nyawa.

Sarta manut angger-anggering Toret meh samubarang kabeh karesikake srana getih sarta ora ana pangapura manawa tanpa wutahing getih. —Ibrani 9:22

Cempe mau kuda tanpa cacad, lanang, umure setaun... Lah getih iku dadia tengeran ana ing omah kang sira enggoni. Sa-

mangsa Ingsun mirsani getih mau, tindakingSun bakal nglangkungi, temah ing antara ra bakal ora ana wewelak kamabilaeni. -Pangentasan 12:5a, 1

Purwaning Dumadi 22:8a, 13
Rama Abraham mangsu pangandikane: Cempe kang bakal kagawe kurban obaran iku Gusti Allah piyambak kang bakal nyegah hiyani, anakku ngger!. Nalika Rama Abraham noleh, muli mirsa ing wingkinge a wedhus gembel lanang kang sungune kecanthol ana ing grubulan, banjur dipurugi dipundh sarta banjur disaosake kagaw kurban obaran ijole kang putra

Yesus iku cempening Allah

Yokanan 1:29

Esuke Nabi Yokanan mirsa Gusti Yesus murugi, Nabi Yokanan mau banjur ngandika: Delengen iku Cempening Allah kang ngilangi dosane jagad.

Sarta Panjenengane wus lumebet ing pasucen sapisan kanggo salawas-lawase, ora ngasta getihing wedhus lanang sarta getihing pedhet, nanging ngasta rahe piyambak. Lan marga saka iku Panjenengane wus ngangsalake panebus kang langgeng. —Ibrani 9:12

I Petrus 1:18, 19

Sabab kowe padha sumurup, yen anggonmu katebus. . . iku ora srana barang kang bisa rusak,

uga ora kalawan salaka utaw emas, nanging srana getih kang akeh ajine, yaiku rahe Gusti Yesus Kristus kang padha kang getihing cempe kang tanpa cacalan tanpa blentong.

Ibrani 9:14

Mendahane maneh rahe Gusti Kristus, kang marga dening Rabi kang langgeng wus ngurbana sarirane piyambak konjuk ing Allah minangka pisungsung kang tanpa cacad, iku rak mesthi bakal ngresiki rumangsaning ati kita saka pratingkah-pratingkah kang tanpa guna, supaya kita bisa nggembel bakti marang Gusti Allah kang asipat gesang?

Rum 3:24, 25a; 5:8, 9

Lan padha kabenerake kanthi lelahanan awit saka sih-rahmate lumantar panebuse Sang Kristus Yesus. Panjenengane wus dipes-thekake dening Gusti Allah dadi srananing karukunan, awit saka pracaya marang rahe. . . . Nanging Gusti Allah wus ngatingalake sihe marang kita, awit Sang Kristus wus nglampahi seda kanggo kita, nalika kita isih padha kawengku ing dosa. Apamaneh saiki, kita wus padha kabenerake sarana rahe, wus mesthi bakal luput saka ing bebenduning Allah.

Efesus 2:8

Sabab anggonmu padha kapitu-

lungan rahayu iku saka si rahmat marga pracaya; . . . nanging peparinge Gusti Allah.

Inggih Panjenenganipun punika ingkang dipun sekseni panabi sadaya, bilih sinten ingkang pitados dhateng Panjenenganipun, badhe tampi pangapunte ing dosa margi saking asmaipun. . . . Kaliyan malih botuwonten karahayon wonten ing sintena kemawon, kajawi wonten ing Panjenenganipun, amargi ing sakurebing langit punika botuwonten asma sanesipun ingkang kaparingaken dhateng manungsa ingkang dados margining karahayon kita. —Para Rasul 10:43; 4:

Wiosan Yesus diwartakake

Lukas 1:26-38

... Gusti Allah ngutus malaekat Gabriel menyang ing sawijining kutha ing tanah Galilea kang arane Nasaret, manggihi prawan kang pacangan karo wong kang arane Yusuf, tedhake Sang Prabu Dawud. Prawn mau jenenge Maryam. ... Malaekat nuli ngandika: Aja wedi, Maryam, awit kowe oleh sihkanugrahan ana ing ngarsaning Pangeran. Lah kowe bakal ngandheg lan bakal mbabar Putra kakung. Iku asmakna Yesus. Panjenengane bakal pinunjul lan bakal kasebut Putraning Allah Kang Mahaluhur. ... Kratone iku bakal ora ana

wekasane. Maryam banjur mat marang malaekat mau: Puni sagedipun kalampahan kadospu di, jalaran kawula dereng emamah? Paring wangsulane malaekat: Roh Suci bakal nedha kowe, sarta kuwasane Kai Mahaluhur bakal ngayomi kow mulane Putra kang bakal miy iku bakal kasebut suci, Putraning Allah. ... Amarga tumrapit Allah ora ana barang kang mok

Siji-sijining manungsa kang urip i bumi tanpa nganggo campuring se yaiku mung Adam lan Kristus, Ad nggawa dosa an ing bumi, anangi Yesus menang saka dosa.

Filipi 2:6

Kang sanadyan ngagem sipating Allah, ewadene anggone sajar karo Gusti Allah iku ora kanggep bab kang kudu dikekahi.

Aku lan Sang Rama iku siji. Kapriye dene wong sesengkering Allah kang diutus marani jagad, kok kokcalathoni: Kowe nyenyamah Gusti Allah. Apa marga ana tuturKu: Aku iki Putraning Allah? —Yokanan 10:30, 36

Yesus Kristus, Sabda kang langgeng tansah ana. Sarana mukjisat Gusti andamel Panjenengane dikandut ing guwagarbane Maryam. Secara jasmani, Panjenengane diwartakake Putraning Manungsa, lan

secara rokhani diwartakake Putraning Allah. Kitab suci migunakaké tembung “Putra” kanggo nerangke anane gegayutan antaraning Gusti lan Sabdane yaiku Yesus Kristus.

Mulane nalika Panjenengane wuh ing jagad, matur: . . . nanging Paduka sampun nyawisaken iku lan dhateng Kawula. —Ibrani 1:1

Lan miturut Rohing kasucen, kang kayekten ana ing wungune saka iku antarané wong mati, manawa Panjenengane iku Putrane Gusti Allah kang kuwaos, yaiku Gusti Yesus Kristus, Gusti kita. —Rumoh

Yokanan 20:28

Tomas mangsuli, unjuke: Dhawane Gusti kawula, Allah kawula!

Sapa ta sabenere Yesus iku

1

Sarta sanyata linuhur wewadine pangibadah kita iku: Panjenengane kang wus ngatingal awujud manungsa. —I Timoteus 3:16a

Panjenengane iku kadunungan Kaallahan sawetahe kang kasarira. —Kolose 2:9

Amarga ana Bayi kang wus miyos kanggo kita, ana Putra kang wus kaparingake marang kita, lambanging paprentahan ana ing pamidhangane, lan asma-ne sinebut: Penasehat Elok, Gusti Allah kang prakosa, Rama kang Langgeng, Ratuning Katentreman. —Yesaya 9:5

Panjenengane wus ana ing jagad, dhasar jagad iku dumadine

iya dening Panjenengane, naning jagad iku ora wanuh marang Panjenengane.

Amarga Gusti Allah iku asip tunggal, samono uga Panjenengane kang dadi pantawis kining antarane Gusti Allah lan manungsa iku uga mung siji, yail Sang Manungsa Kristus Yesu kang wus masrahake sarira minangka panebus kanggo wong kabeh. —I Timoteus 2:5, 1

Ana ing Panjenengane anggon kita nduweni tetebusan, yail pangapuraning dosa. Panjenengane iku citrane Gusti Allah kang ora katingal, kang pamulyun. —Kolose 1:14,

Jalaran ora tau ana pamedhar-wangsit kang kawedharake saka kareping manungsa, nanging marga saka kawangsit dening Sang Roh Suci wong-wong banjur padha calathu atas asmaning Allah. —II Petrus 1:21

Lukas 1:70

Kaya kang wis kapangandikakake wiwit kuna mula lumantar para nabine kang suci.

II Samuel 23:2

Robe Sang Yehuwah medhar sabda lumantar aku, sabdane dumunung ana ing ilatku.

Sakehing tulisan kang diwangsitake dening Gusti Allah iku pancen migunani kanggo memu-

lang, kanggo melehake, kanggo mbangun wewatekan tuwin kanggo nggulawenthah ing sajroning kayekten. —II Timoteus 3:

Rum 15:4

Ujer samubarang kang katuwan ing sadurunge, iku katulis minangka piwulang kanggo kita supaya kita ngandhemana ing pangarep-arep kalawan sab mantep sarta kalawan gondhel panglipur kang saka ing Kitab Suci.

Mateus 22:29b

Kowe iku padha kesasar jalaran kowe padha ora sumuru bab Kitab Suci lan panguwasaning Allah.

Yesus iku sabdaning Allah

Wahyu 19:13

Pangagemane rasukan jubah kang wus kacelup ing getih, sarta asmane kasebut: Sabdaning Allah.

Yokanan 1:1, 14a

Ing kala purwa Sang Sabda iku ana, dene Sang Sabda iku nunggil karo Gusti Allah sarta Sang Sabda iku Gusti Allah. Anadene Sang Sabda wus dadi daging sarta makuwon ana ing antara kita.

Yesus ngungkapake bab Gusti

Yokanan 1:18

Ora ana wong siji-sijia kang wus tau weruh Gusti Allah. Sang Putra ontang-anting kang ana ing pangkone Sang Rama, iku kang nerangake kawontenane.

Allah ngendika lumantar Yesu

Ibrani 1:1, 2

Sawise nalika jaman biyasa Gusti Allah ngandika mara-mara para leluhur kita nganti mara-mara bah-rambah sarta kalawan para warna-warna lumantar para nalika ing jaman wekasan iki Panjenengane wus ngandika mara-mara kita lumantar Kang Putra, kang wus ditetepake dadi ahli-waris tumrap samubarang kabeh; ing lumantar Panjenengane Gusti Allah anggone wus nitahake ala jembar.

Apa kang wus Dakdeleng anting RamaKu, iya iku kang Dakcapake. —Yokanan 8:3

28 Sabda kang tinulis lan kaucap katandingake

Kitab suci iku ibarate panganing jiwa

Mateus 4:4b

Uripe manungsa iku ora mung saka roti bae, nanging saka saka-behing sabda kang miyos saka ing lesaning Allah.

Kitab suci madangi dalan kita

Jabur 119:105, 130

Pangandika Paduka punika dilah wonten ing ngajengipun suku kawula, sarta pepadhanging margi kawula. . . Kawedharipun pangandika Paduka punika madhangi, paring pangretosan dhahang para tiyang ingkang bodho.

Yesus iku daharan kang saka kaswargan

Yokanan 6:51a

Aku iki roti kang urip, kang wus tumurun saka ing swarga. Manawa wong mangan roti iki bakal urip ing salawas-lawase.

Yesus iku pepadanging jagad

Yokanan 8:12

Gusti Yesus paring dhawu maneh marang wong akeh: Aku iki pepadhanging jagad; sapa sapa ngetut-buri Aku, ora bakal lumaku ana ing pepeteng, nanging bakal nduweni padhanging urip.

**Kitab suci nuwuhake urip kang
migunani**

Jabur 1:2, 3

Nanging kang karem marang
angger-anggere Sang Yehuwah,
lan digilut-gilut rina wengi. Wong
iku kaya wit kang tinandur ana
ing sapinggiring kali, kang
metokake woh ing kalamangsane,
lan ora alum godhonge, apa bae
kang ditandangi mesthi lestari.

**Yesus maringi urip kang
migunani**

Kowe tetepa dumunung ing
Aku lan Aku ana ing kowe. Al
iki wite anggur lan kowe par
pange. Sing sapa tetep dumunu
ana ing Aku, lan Aku ana ing
dheweke, iku kang metu wo
akeh, awit manawa tanpa Ak
kowe padha ora bisa tumind
apa-apa. —Yokanan 15:4a

Kitab suci nyritakake bab Yesus Kristus

Yokanan 5:39

Kowe padha niti priksa Kitab-
kitab Suci, awit pandugamu
marga saka Panjenengane kowe
nduweni urip langgeng. Nanging
sanadyan Kitab-kitab Suci iku
nekseni ing bab Aku.

Lukas 24:27

Tumuli padha diparingi katre
gan bab sabarang kang wis kat
lisan ing Kitab Suci kabeh tu
rap Panjenengane, wiwit kita
kitabe Nabi Musa lan kita
kitabe para nabi.

30 Sabda Gusti kang langgeng ora bakal owah

Jabur 119:89, 160

Dhuh Yehuwah, pangandika Paduka punika ing salami-laminipun tetep santosa wonten ing swarga. Dhasaripun pangandika Paduka punika kaleresan saha sakathahing angger-anggering kaadilan Paduka punika kangge ing salaminipun.

Yesaya 40:8

Suket dadi aking, kembang dadi alum, nanging pangandikaning Allah kita tetep ing salawas-lawase.

Nganti sirnane langit lan bumi iki, angger-angger ora bakal sirna saiyot utawa sacorek, sadurunge ikukabehkalakon. —Mateus 5:18b

*Manungsa ora wani ngowah
Kitab suci*

Pangandharing Toret 12:32

Kabeh kang dakprentahake n rang kowe iku padha lakona kalawan temen-temen, aja kokw wuhi lan iya aja kokkurangi.

Wulang Bebasan 30:6

Aja nambahi pangandikane, s paya kowe aja nganti diweleha lan kaanggep cidra.

Wahyu 22:19a

Lan manawa ana wong ka ngurangi ing pangandikane kit wedharing wangsit iki, Gust Allah bakal mundhut panduma saka ing wit panguripan.

Sedane Yesus nyembadani rancanganing Allah

Yokanan 10:17, 18a

Sang Rama ngasihi Aku, jalaran Aku ngulungake nyawaKu supaya Daktampani maneh. Ora ana wong siji bae kang ngrebut nyawaKu, nanging Dakulungake miturut sakarepKu dhewe. Aku kuwasa ngulungake, lan kuwasa ngukup maneh.

Mateus 26:53, 54

Apa pangiramu Aku ora bisa nyuwun marang RamaKu, supaya Panjenengane enggal ngirimake malaekat luwih saka rolas bregada lan mbiyantu Aku? Yen mangkono, kapriye pangandika kang tinulis ing Kitab Suci bisane

kalakon, kang mratelakake, y iki kudu kalakon mangkono?

Para Rasul 3:18

Nanging kanthi patrap mal ten Gusti Allah sampun kelapahan nuhoni punapa ingkala kala rumiyin kapangandikakak lumantar para nabinipun, ingg punika bilih Sang Mesih ingkautus punika kedah nandhasangsara.

Yesaya 53:10a

Nanging Pangeran Yehuw karsa ngremuk tuwin dam gerahe Panjenengane. Samang Panjenengane wus masraba sarirane minangka kurban pa busing dosa.

32 Sedane Yesus kawartakake dening para saksi

Markus 15:27, 28

Ana begal loro kang disalib bebarengan karo Gusti Yesus, kang siji ana ing tengen, sijine ana ing kiwane Panjenengane. Iya iku kayektenane tulisan kang mangkene: Panjenengane kaetang awor kalawan wong durjana.

Nanging bareng nekani marang Gusti Yesus sarta padha weruh manawa wus seda, Gusti Yesus ora diremuk sampeyane, ewasamono salah sijining prajurit panunggalane iku njojoh lambunge Gusti Yesus kalawan tumbak, temah sanalika metu getihe lan banyune. . . Sabab kalakone iku mau supaya kayektenana kang ti-

nulis ing Kitab Suci: Ora a balunge kang diremuk. Lan Wong-wong bakal padha nyawa marang Panjenengane, kang w dijojoh. —Yokanan 19:33-

Mateus 27:50-51, 54

Gusti Yesus banjur nguwu uwuh maneh kanthi sora, n masrahake nyawane. . . lan a lindhu, sarta gunung-gunung karang padha bengkah. Par gedhening prajurit dalah pa wadyabalane sing padha nja Gusti Yesus, bareng weruh lind lan apa kang wis kalakon, pad wedi, lan padha calathu mar kene: Sanyata Panjenengane i Putraning Allah.

Yesus nelukake pati

Nanging lajeng kawungokaken dening Gusti Allah, kauwalaken saking sangsaraning pejah, amargi boten badhe Panjenenganipun lestantun kawengku dening panguwaosing pejah punika. Inggih Gusti Yesus punika ingkang kawungokaken dening Gusti Allah, saha bab punika kula sadaya ingkang sami dados seksinipun. —Para Rasul 2:24, 32

Kang iku sarehne anak-anak iku saka getih lan daging, mulane Panjenengane iya banjur dadi padha karo anak-anak mau lan oleh panduman ing kaanane, supaya marga saka sedane Panjenengane nyirnakake Iblis kang

nguwasani pati; sarta kant patrap mangkono Panjenenga ngluwari wong-wong, kang saje urip padha kawengku ing pangwulan marga saka wedine mara pati. —Ibrani 2:14,

Wahyu 1:18

Lan Kang Gesang, Ingsun w seda, nanging wruhanira, Ings gesang nganti salawas-lawase a maneh Ingsun ngasta sakabehi kuncine pati lan kratone pati.

Sarta kang saiki kawujuda ana ing rawuhe Sang Juruwi jeng kita Gusti Yesus Krist kang wus nyirnakake pati sar nggiyarake urip kang ora bi rusak. —II Timoteus 1:

Wahyu 3:20

Wruhanira, Ingsun jumeneng ana ngarep lawang sarta thothok-thothok; manawa ana wong kang krungu suwaraningSun lan ngegnani lawang, Ingsun bakal lumebet manggihi lan bujana bebarengan karo wong iku lan wong iku karo Ingsun.

Yokanan 20:22b; 16:24b

Padha nampanana Roh Suci. . . . Padha nyenyuwuna, kowe mesthi bakal padha kaparingan supaya sampurnaa kabungahanmu.

Rum 10:9

Sabab, manawa sarana tutukmu kowe ngakoni yen Gusti Yesus iku Gusti, lan atimu pracaya

yen Gusti Allah wus mungoka Panjenengane saka ing antara wong mati, kowe bakal kapit lungan rahayu.

Mateus 10:37a; 16:24, 25

Sing sapa nresnani bapa utawi biyunge nganti ngungkuli Aku iku ora pantes tumraping Aku. . . . Gusti Yesus banjur ngandi marang para sakabat: Manawa ana wong kang arep ngetut-bu Aku, iku kudu nyingkur awa dhewe sarta manggula salibe lan melua Aku. Amarga sing sa kumudu-kudu nylametake nyawane, iku bakal kelangan nyawa nanging kang kelangan nyawa marga saka Aku, iku bakal nem

Kanti Yesus kita memiliki panguripan kang anyar :

I Yokanan 5:11b, 12a

Kita wus padha kaparingan urip langgeng dening Gusti Allah, lan urip iku dumunung ana ing Kang Putra. Sapa kang nduweni Sang Putra, iku nduweni urip.

Rum 8:2

Sang Roh, kang paring urip, wus ngluwari kowe kabeh ana ing Sang Kristus, saka angger-anggering dosa lan angger-anggering pati.

Galati 2:20a

Kula sampun kasalib kaliyan Sang Kristus, nanging kula gesang, namung kemawon sanes kula ingkang gesang, Sang

Kristus ingkang gesang wont ing kula. Wondene gesang kula ingkang kula sandhang ing dagi sapunika, punika gesang margi saking pitados dhumatei Putraning Allah.

II Korinta 5:17

Dadi sapa kang ana ing Sang Kristus, iku dadi titah anyar kang lawas wus sirna, lan kang anyar pranyata wus teka.

I Petrus 1:23

Jalaran kowe wus padha kala ake maneh ora saka wiji kang bi sirna, nanging kang langgeng, c ning pangandikaning Allah kang gesang lan kang langgeng.

Jabur 68:6

Ramane para bocah lola lan pangayomane para randha, iku Gusti Allah kang ana ing kadhatone kang suci.

II Korinta 6:17b, 18

Tumuli sira bakal padha Suntarima. Lan Ingsun bakal dadi Ramanira, sarta sira bakal padha dadi putraningSun lanang lan wadon. Mangkono pangandikane Pangeran, Kang Mahakuwasa.

Yesaya 64:8; 63:16b

Nanging sapunika, dhuh Yehuwah, Paduka punika Rama kawula sadaya! Kawula sadaya punika lempung dene Paduka ingkang mangun kawula, sarta kawula

sadaya punika yasaning as Paduka. Dhuh Yehuwah, Paduka punika Rama kawula sadaya Panebus kawula ; Asma Paduka punika langgeng.

Mateus 7:11; 6:9

Dadine yen kowe kang a padha mangreti ing bab pawew kang becik marang anak-anakm saya maneh Ramamu kang a ing swarga, mesthi peparing kang becik marang wong sing padha nyenyuwun marang Panjenengne. . . . Marga saka iku ndedong mangkene: Dhuh, Rama kawula ingkang wonten ing swarga Asma Paduka mugi kasucekake

Sarana Yesus kita mangerteni Allah kayadene Bapa :

Yokanan 14:6, 7, 23b

Pangandikane Gusti Yesus: Aku iki dalane, sarta jatine kayekten lan kauripan. Ora ana wong siji-sijia kang bisa sowan marang Sang Rama, manawa ora metu ing Aku. Manawa kowe padha wanuha marang Aku, mesthi kowe kabeh iya wanuh marang RamaKu. . . . Manawa ana wong kang tresna marang Aku, iku bakal netepi ing pitutur-Ku sarta bakal dikasihi dening RamaKu lan Aku karo Sang Rama bakal padha ngrawuhi sarta makuwon ana ing wong iku.

Galati 4:4, 5; 3:26

. . . Gusti Allah ngutus Kang

Putra, . . . supaya kita bisa katma dadi putra. Sabab marga saipracaya marang Gusti Yesus Kristus kowe padha dadi putra Gusti Allah.

Yokanan 1:12

Nanging sapa bae kang napani Panjenengane iku diparin wewenang dadi para putran Allah iya iku kang padha pracaya marang asmane.

I Yokanan 2:1b

Ewadene manawa ana kang gawe dosa, kita padha duwe Pantanana ing ngarsane Sang Rama iya iku: Gusti Yesus Kristus kang adil.

Yesus nuwuhake katresnan, kabungahan, tentrem-rahayu

Gusti Allah iku katresnan, lan sapa kang ngantepi ing katresnan, iku tetep ana ing Gusti Allah, lan Gusti Allah ana ing wong iku. —I Yokanan 4:16b

Efesus 4:32

Nanging kowe dipadha sumanak mungguh ing siji lan sijine, kebak ing sih katresnan lan apura-ingapuraa kayadene Gusti Allah ana ing Sang Kristus iya wus ngapura marang kowe kabeh.

Yokanan 13:35

Kanthi mangkono saben wong bakal padha weruh, yen kowe padha dadi siswaKu, yaiku manawa kowe padha tresna-tinresnan.

Galati 5:22a

Dene wohing Roh yaiku: katresnan, kabungahan, tentrem-rahayu . . .

Jabur 16:11a

. . . Kabingahan pinanggih lub wonten ing ngarsa Paduka.

Rum 5:1

Mulane kita kang wus padha kabenerake awit saka pracaya kita padha urip kalawan rukun karo Gusti Allah marga dening Gusti kita, Gusti Yesus Kristus.

Yokanan 14:27

Tentrem-rahayuKu Dakwenehi marang kowe Atimu aja melang-melang lan aja giris.

Yesus bakal nangekake penderek-pendereke kang bener

Lan manawa Rohe kang wus mungokake Gusti Yesus saka ing antarane wong mati iku dedalem ana ing kowe, dadine kang wus mungokake Sang Kristus Yesus saka ing antarane wong mati iku iya bakal nguripake badanmu kang kena ing pati iku, lumantar Sang Roh kang dedalem ana ing kowe. —Rum 8:11

Yokanan 6:40

Sabab karsane RamaKu iku, yaiku supaya saben wong kang ndeleng lan pracaya marang Sang Putra, iku nduwenana urip langgeng, sarta supaya Aku nangekna besuk ing wekasaning jaman.

I Korinta 15:21-23

Sabab, sarehne tekane pati il marga saka wong siji, mangkon uga tangine wong mati iya mar saka wong siji. Awit padha ka ana ing Rama Adam wong kab padha mati, mangkono uga a ing Sang Kristus wong kabeh i bakal padha kauripake mane Nanging saben wong manut uri urutane: Sang Kristus minangl kang wiwitan, sawise iku ka padha dadi kagungane, besuk i sarawuhe.

Yokanan 14:19b

Awit Aku urip, lan kowe i bakal urip.

Ibrani 10:28, 29

Manawa ana wong nampik angger-anggere Nabi Musa, iku kaukum pati tanpa palimirma kanthi paseksene wong loro utawa telu. Mendah saya abote paukuman kang kudu kasangga dening wong kang ngidak-idak Putraning Allah, sarta kang nganggep najis marang rahing prajanjian kang nucekake, tuwin ngremehake Rohing sih-rahmat.

Sing sapa nampik Aku, lan ora nampani pituturKu, iku wus ana kang ngadili. —Yokanan 12:48a

Mulane Aku mau tutur ing kowe, manawa kowe bakal padha mati sajroning dosamu. Amarga

manawa kowe padha ora ngancu yen Aku iki Panjenengane, w mesthi kowe bakal padha mati sajroning dosamu. —Yokanan 8:

Lukas 12:4, 5

Aku pitutur marang kowe, he mitra-mitraKu, aja wedi marang wong-wong kang bisa mate badan, nanging sawise mangkono ora bisa apa-apa maneh. Kow padha Daktuduhi, sapa kang kudu kokwedeni. Padha wedi marang Panjenengane, kang sawise mateni iya kawasa nyelungake wong menyang ing raka. Sabenere Aku pitutur marang kowe: Iya Panjenengane iku kang kudu kokwedeni.

Yesus Kristus bakal ngadili kita

Para Rasul 17:31a

Amargi Panjenenganipun sampun namtokaken dinten anggenipun badhe ngadili jagad ing saleresipun, lumantar tiyang ingkang sampun kapiji.

Yokanan 5:22, 23a

Dene Sang Rama ora ngadili sapa bae, nanging pangadilan iku wus dipasrahake marang Sang Putra, supaya kabeh wong padha ngurmatana marang Sang Putra kayadene anggone ngurmati marang Sang Rama.

Sabab kita kabeh kudu padha ngadhep ana ing ngarsane dhamparing pangadilane Sang Kristus, prelu nampani ganjaran kang

cundhuk karo kang padha kila lakoni dhewe-dhewe sajrone ur iki, dadia kang becik, dadia kang ala. —II Korinta 5:

Rum 2:16a

Bab iku bakal tetela ing di samangsa Gusti Allah ngad wewadine manungsa lumant Gusti Yesus Kristus.

II Tesalonika 1:7b, 8

Gusti Yesus saka ing swara ngatingal ginarebeg ing pamalaekate, . . . lan ndhawahi piwales marang wong-wong kang padha ora gelem wanuh marang Gusti Allah sarta ora mbangu miturut marang Injile Gusti Yesus, Gusti kita.

42 Ora kabeh kang nderekake Yesus dadi milike Yesu

Titus 1:16a

Ngakune padha wanuh marang Gusti Allah, nanging diselaki kalawan tingkah-lakune.

Rum 8:9b

Nanging sing sapa ora kadunungan Rohe Sang Kristus, iku dudu kagungane Sang Kristus.

Mateus 15:8

Bangsa iki anggone ngluhurake Ingsun kanthi lambene, dene atine adoh karo Ingsun.

Mateus 7:21-23

Kang bakal lumebu ing Kratoning Swarga iku dudu angger wong kang ngucap marang Aku: Gusti,

Gusti, nanging mung wong kang nglakoni sakarsane Ramalan kang ana ing swarga. Ing di wekasan bakal akeh wong kang padha matur marang Aku: Gusti, Gusti, punapa kawula boten sampun medhar wangsit atas asma Paduka, sarta sampun nundhur dhemit atas asma Paduka, punapa malih sampun ngawontenak mukjijat kathah atas asma Paduka? Ing wektu iku bakal padha dakblakani mangkene: Al durung tau wanuh karo kowong Padha sumingkira saka ing ngarepKu, heb, wong kang padha gawe duraka.

Penderek-penderek Yesus kang sejati patuh marang Panjenengane

I Yokanan 2:3

Anggon kita wus padha wanuh Gusti Allah iku titikane yaiku manawa kita padha netepi ing pepakone.

Yeheskiel 36:27

RobingSun bakal Sunparingake supaya dumunung ana ing batinira sarta Ingsun bakal ndadekake sira padha urip manut sakehing katetepaningSun lan tansah nggondeli tuwin nindakake pranatan-pranataningSun.

Ibrani 5:9

Lan sawise nggayuh kasampurnane, Panjenengane dadi jalarane karahayon kang langgeng

tumrap sakehing wong kang ntuwu marang Panjenengane.

Rum 6:18

Kowe wis padha kaluwara saka ing dosa lan dadi abdin kabeneran.

Efesus 2:10

Marga kita iki titahe Gusti Allah, katitahake ana ing Sang Kristus Yesus, supaya padhanglakoni panggawe becik kanakawisake Gusti Allah sadrunge, minangka ambah-ambah kita.

Sing sapa nyebut asmaning Pangeran iku supaya ninggal piala. —II Timoteus 2:14

44 Bumi ora seneng karo penderek-penderek Yesus

Yokanan 15:18, 19

Manawa kowe padha disengiti dening jagad, wruhanamu yen Aku wus disengiti sadurunge kowe. Saupama pinangkamu saka ing jagad, mesthi jagad tresna marang kowe awit dadi duweke, nanging sarehne pinangkamu ora saka ing jagad, malah Aku wus milih kowe saka ing jagad, mulane jagad sengit marang kowe.

Yokanan 16:2b, 3

Malah bakal tumeka ing wektune saben wong kang mateni kowe, padha rumangsa yen saos pangabekti marang Gusti Allah. Wong-wong iku tumindak mang-

kono, awit ora padha wan marang Sang Rama lan uga c wanuh marang Aku.

Para Rasul 14:22b

Anggon kita lumebu ing K toning Allah iku, kalawan ng koni sangsara akeh.

II Timoteus 3:12

Pancen saben wong kang ned urip kalawan nindakake pangil dah ing sajroning Sang Krist Yesus, iku bakal nandha panganiaya.

Yokanan 16:33b

Ana ing donya kowe padha na dhang panganiaya, nanging pa ha diteteg atimu, Aku wus nga hake donya.

Janji-janji marang kang diani-aya

Sira aja wedi, sabab Ingsun nganthi marang sira, sira aja melang-melang, awit Ingsun iki Allahira. Ingsun bakal nyantosa-kake, malah bakal mitulungi sira; Ingsun bakal nganthi sira klawan astaningSun tengen kang njalari menang. —Yesaya 41:10

Jabur 27:10

Sanadyan bapa-biyung kawula nilar kawula, nanging Sang Yehuwah ingkang mupu kawula.

Ibrani 13:6

Marga saka iku kanthi yakin kita bisa ngucap: Gusti Allah kang mitulungi aku. Aku bakal ora wedi. Manungsa bisa mangga-we apa marang aku?

Jabur 91:11; 23:4a

Awit Pangeran bakal ndhawu para malaekate ing ngatase kov supaya rumeksa marang kov ana ing sakehing dalanmu. Mal sanadyan lumaku ana ing jurai palimenganing pati, aku ora we marang bilai, margi Paduka in kang nganthi kawula.

Filipi 4:13, 19

Sakehing prakara bisa daksan ga ana ing Panjenengane kang p ring kakuwatan marang aku. G sti Allahku bakal nyekapi kab kabutuhanmu laras karo kas gihaning kamulyane ana ing Sa Kristus Yesus.

Kang padha kokalami iku pacoban-pacoban kang lumrah, kang ora ngluwihi kakuwataning manungsa. Sabab Gusti Allah iku setya tuhu, ora bakal negakake kowe kacoba ngluwihi saka ing kakuwatanmu. Manawa kowe kena ing coba, Panjenengane bakal maringi marganing luwar, satemah kowe padha bisa mbetahake.

—I Korinta 10:13

Ibrani 4:16

Kang iku payo padha sowan kalawan kendel marang dhamparing sihrahmat, supaya kita oleh palimirma sarta nemu sih-rahmat kang njalari kita kapitulungan ing mangsa kang becik.

I Yokanan 1:7

Balik manawa laku kita ana ing pepadhang kayadene Panjenengane iya ana ing pepadhang, da kita padha tetunggalan, sarrahe Gusti Yesus Kang Putra ilngresiki kita saka sakehe dosa.

Yakobus 4:7

Marga saka iku padha nurukula marang Allah. Iblis tangglangen, temahan bakal lumajnglungani kowe!

Jabur 119:11

Janji Paduka kawula simping salebeting manah, supadkawula sampun ngantos daridosa dhumateng Paduka.

Pendonga kang nyata iku seseduluran karo Gusti Allah

Jabur 27:8

Manah kawula ndherek dhumateng pangandika Paduka: Sira ngupayaa wedananingSun. Wedana Paduka inggih lajeng kawula upadosi, dhuh Yehuwah.

Ana ing Gusti Allah dununging kaslametan lan kamulyanku; peparangku lan kasantosanku, sarta pangayomanku iku Gusti Allah. —Jabur 62:8

Yeremia 17:14b

Kawula mugi Paduka wilujengaken, temah kawula badhe wilujeng, amargi Paduka punika pepujan kawula!

I Tesalonika 5:17, 18

Aja kendhat anggonmu ndedo-

nga. Padha ngunjukna panuwun ing sabarang kang tinemu, aw iku kang dikarsakake dening Gusti Allah ana ing Sang Kristus Yesus tumrap kowe.

Manawa kowe padha tetep dumunung ana ing Aku lan pituturku tetep dumunung ana ing kowe padha nyenyuwuna apa bae karek kokkarepake mesthi bakal katrutan. —Yokanan 15

Saupama ing atiku ana pangengenangen kang ala, Pangeran mesthi ora karsa miyarsakake Margi saking asma Paduka, dhuh Yehuwah, mugi karsaa ngaputen kalepatan kawula, aw punika ageng. —Jabur 66:18; 25:

I Tesalonika 4:16, 17

Awit samangsa ana tengara, yaiku samangsa malaekat panggedhe nguwuh-uwuh sarta kalasangKaning Allah kaunekake, ing kono Gusti piyambak bakal tumedhak saka ing swarga, lan wong-wong kang ngajal ana ing Sang Kristus bakal padha tangi dhisik. Sawise mangkono kita kang isih urip, kang isih kari, bakal padha kapulung bareng karo kang mentas tangi mau ana ing mega, methukake Gusti menyang ing awang-awang. Mangkono sabanjure kita bakal nunggal kalawan Gusti ing salawase.

Kang iku sarehne kita kaparing-

an prasetya-prasetya mau, pa kekasih, mulane payo kita pad nucekake badan kita saka sa paning jejembering daging lan i roh, lan kalawan mangkono ki nyampurnakake kasucen kita i sajrone wedi-asih marang Gus Allah. —II Korinta 7

... Padha tetepa ana ing Pa jenengane, supaya samasa Pa jenengane ngatingal, kita pad tatag ing pracaya lan ora us isin ana ing ngarsane besuk i dina rawuhe. —I Yokanan 2:2

Mulane kowe kabeh padha ta sah rumantia, awit rawuhe P traning Manungsa iku ing wek kang ora koknyana. —Lukas 12:

Kepiye carane mangerteni Gusti

Kayadene Ibrahim iku “kanca karo Gusti” jalaran olehe pasrah la miturut marang Gusti, kowe ugo bisa mangerteni Gusti lan ngalan kemurahane penggalih Gusti, katentreman lan berkahe. Mangerteni Gus kanti *pasrah kang temen* sarana percaya kuwi dadi pengalamaning uri kang wigati dewe. Kaya apa olehe ngeram-eramake Gusti anggon ngungkabake pribadine marang kabeh bae kang angupaya Panjenengan kanti tekun.

Yen kowe *mundur* saka solah tingkahmu lan *masrahake kanti teme* marang Gusti, Roh Panjenengane bakal ana ing jeromu. Ora ana kan bakal bisa misahake kowe karo katresnane yen kowe *percaya* marang janji janjine lan miturut sarta patuh. Panjenengane bakal dadi Gustimu lan kow bakal dadi kagungane kang edi. Kowe bakal mangerteni yen Panjenengan wis mundut kowe kanti rega kang duwur, lan Panjenengane ngersakak dadi sadulurmu saiki lan salawase.

Nyuwun marang Gusti supaya diparingi pangertian yen lagi nyina lembaran-lembaran kutipan sabdane Gusti. Gusti maringi wahyu maran umat kang saleh supaya nulis tetembungan iki kanti nggumunake la nglestarekake turun-tumurun sanajan akehing pacoban saka Iblis kan arep nyirnakake.

Keterangan-keterangan kitab suci kang kasebut ing buku cilik iki kajupuk saka Buk suci: Pangandharing Toret, Kitab Jabur, tulisan-tulisan saka para Rasul lan Injil.

Untuk kalangan sendiri.

**Jika anda ingin menerima pelajaran lebih lanjut
dari Firman Tuhan, hubungilah:**

**Yayasan INALTA
P.O. Box 47
Solo, JATENG.**

Diedarkan oleh Yayasan INALTA dengan kerja sama
World Missionary Press, New Paris, Indiana 46553 USA.

151

Published in numerous languages by World Missionary Press as God supplies funds in answer to prayer. Other booklets are also available. If you would like more copies for careful distribution, write in English to the address below or order [online](#):

**World Missionary Press, Inc.
Box 120
New Paris, Indiana 46553 U.S.A.**

[World Missionary Press Home Page](#) | [Go to the Top of This Page](#)